

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan naon waé anu patalina jeung kacindekan tina hasil panalungtikan nyaéta (1) kacindekan, (2) impilkasi, jeung (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran nu diébréhkeun dina bab IV bisa dicindekkeun yén prinsip kasopanan jeung sipat omongan mangrupa dasar-dasar komunikasi omongan anu sopan jeung santun. Tina lumangsungna hiji komunikasi tangtuna diperlukeun nu ayana kasopanan basa sangkan bisa silih hormat ka pamiarsa tur bisa nyingkahan pasalia paham (*misanunderstanding*) atawa salah komunikasi (*Miscommunication*). Omongan anu sopan jeung santun mangrupa hal anu diperlukeun jeung dibutuhkeun tina lumangsungna hiji komunikasi, ieu hal sangkan nyingkahan omongan nu ditepikeun téh teu katarima ku pamiarsa kalawan bener.

Dina faktana nyaéta novél *Surat Wasiat* karya Samsodi aya omongan nu ngukuhan kasopanan jeung omongan nu ngarempak kasopanan. Hasil panalungtikan nyindekkeun yén umumna (217 omongan) ngukuhan kasopanan. Najan kitu aya ogé nu ngarempak kasopanan (51 omongan).

Omongan boh nu ngukuhan kasopnan boh nu ngarempak kasopanan ngabogaan genep wanda dina wangun maksim. Maksim nu ngukuhan kasopanan nyaéta maksim kawijaksanaan, maksim katumarima, maksim pancocog, maksim kasimpati, jeung maksim balabah. Maksim nu ngukuhan kasopanan nu panglobana digunakeun nyaéta maksim kawijaksanaan (134 omongan) jeung nu pangsaeutikna digunakeun maksim kasimpati jeung balabah (masing-masing 12 omongan).

Salian anu ngukuhan kasopanan, aya maksim anu ngarempak kasopanan. Maksim nu ngarempak kasopanan nyaéta maksim kawijaksanaan, maksim katumarima, maksim pancocog, maksim kasimpati, jeung maksim balabah. Maksim nu ngarempak kasopanan nu panglobana nyaéta maksim kawijaksanaan (17 omongan) jeung nu pangsaeutikna digunakeun nyaéta maksim handap asor (2 omongan).

Cara ngedalkeun omongan nu ngandung prinsip kasopanan ngabogaan opat sipat nyaéta omongan langsung, omongan teu langsung, omongan literal, jeung omongan iliteral. Umumna sipat omongan nu sering digunakeun nyaéta sipat omongan langsung (174 omongan) jeung nu jarang digunakeun nyaéta omongan iliteral (17 omongan).

Sacara umum bisa dicindekkeun yén prinsip kasopanan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsuodi téh kapanggih aya nu ngukuhan jeung nu ngareumpak, nu masing-masing nyoko kana genep maksim, nu réréana mangrupa omongan nu ngukuhan maksim kawijaksanaan. Ari sipat omongan réréana mangrupa sipat omongan langsung.

5.2 Implikasi

Dipihareup ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan tina widang basa hususna widang pragmatik. Panalungtikan prinsip kasopanan nu aya dina omongan dipihareup masarakat bisa ngalarapkeunna tina kahirupan sapopoé nalika komunikasi. Ku ayana prinsip kasopanan bisa jadi hiji kontrol dina diri sangkan bisa ngagunakeun basa anu bener tur meranh dibarung ku kasopnan basa. Prinsip kasopanan ogé perlu dititénan sangkan bisa leuwih paham omongan anu sakuduna dikedalkeun jeung teu meunang dikedalkeun, ieu hal téh bisa ngurangan nu ngarana pasalia paham sarta hubungan sosial jeung sasama bakal leuwih kajaga.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan anu diébréhkeun di luhur, aya sababaraha rékoméndasi nu patalina jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan ngulik ngeunaan kabasaan dina wangun tinulis, nyéta novél *Surat Wasiat* karya Samsuodi nu medar ngeunaan prinsip kasopanan jeung sipat omongan. Ku kituna, dipihareup panalungtikan kahareupna bisa medar ngeunaan prinsip kasopanan dina wangun lisan, bisa dina kahirupan masarakat sapopoé atawa nyoko kana kahirupan barudak di sakola.

- b. Ieu panalungtikan pikeun ngajembaran paélmuan basa hususna paélmuan pragmatik nyaéta prinsip kasopanan jeung sipat omongan, dipihareup leuwih ngajembaran kana ulikan nu dipedar, teu ngan saukur nganalisis prinsip kasopanan jeung sipat omongan.